

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Ringkesan Cariyos

Novel Klelep ing Samodra Rasa menika nyariosaken Dewi , Anggra (ibunipun), Panji, saha Septi. dewi ingkang dados guru les wonten satunggal griya pengusaha ingkang misuwur wonten kutha menika. Alesanipun dados guru les inggih menika kangge nyekapi kabetahanipun Dewi saha ibunipun. Anggra (ibunipun) sampun dangu dipuntilar garwanipun amargi kagodha wanita sanes ingkang ngantos samenika mboten wonten pawarta menapa-menapa.

Begjanipun Dewi saged dados guru lesipun Auliya (larenipun Pak Panji). Larenipun sae sanget solah bawanipun, menawi dipun paring piwulangan langsung saged mangsuli, langsung malih larenipun remen menawi wonten tiyang nembang jawi. Ing griya menika dipun isi sekawan tiyang, wonten Pak Panji, Bu Septi, Auliya, saha rencangipun. Dewi dipunaturi Bu Septi supados saged njagi larenipun saha disiplin anggenipun paring piwulang, lajeng menawi sampun cocok kaliyan padhamelanipun , Dewi badhe dipun gaji langkung kathah. Sampun setunggal wulan Dewi ngelesi Auliya, sajak wonten raos sedh nyawang larenipun.

Auliya menika pinter ananging mboten gadhah kanca wonten griya,

pmila dheweke remen saged samenika wonten Dewi ingkang dados kanca ngantos tiyang sepuhipun kondur. naminipun pengusaha kalhipun, dados jarang saged kondur siang utawi sonten. Bu Septi ingkang gesangipun namung medal jarang saged nggatosaken griya, lajeng Pak Panji ingkang sibuk nyambut dhamel lan kondur ndalu saged. Saengga Auliya kirang asih dening tiyang sepuhipun. Ing ndalu menika Dewi bingung badhe wangsul amargi sampun langkung ndalu, lajeng Bu Septi ngaturi supados Pak Panji saged ngeteraken Dewi wangsul. Kanthi ati deg-degan Dewi mlebet mobil ingkang sampun wonten juragan ageng inggih menika Pak Panji. Ngraosaken gumun kenging menapa juragan enem ingkang bagus rupawan menika krama kaliyan Bu Septi.

Pandongane Dewi amung mug-mugi saged dipuntampi dados guru lesipun Auliya, bareng nyawang wong-wong sing padha boncengan polatane dados suntrut, amargi kelingan marang lekakon pagesanganipun kalawargane. Mbiyen menika nate dados tiyang ingkang kacukupan, ananging sasampunipun dipun tilar bapakipun amargi kecantol marang tiyang sanes sedayanipun kuwalik.

Anehipun, ibu Anggra menika namung menengke mawon. Gesangipun dados menapa-menapa piyambak. Panjenengane kulakan pakeyan kangge lelipur laranipun. Ananging menika mboten saged nyekapi kabetahanipun saha Dewi. Lajeng, Dewi nglamar dados guru les menika, mangke gajinipun saged kangge bayar kuliah saha nambah

kabetahanipun. Sabaripun Anggra menika ingkang dados kekiyatanipun Dewi.

Panji saha Dewi saya caket lan sami gadhah raos tresna, ananging Dewi ugi dipunremeni kanca SMAipun ingkang asma Yakob. Ngantos saben tetepungan menika Dewi dipungatosaken saged, lajeng dipun waosaken puisi. Saking carios katresnan antawis Panji, Dewi lan Yakob menika wonten tiyang ingkang mboten remen inggih menika Bu Septi. Panjenengane cubriya ugi langkung-langkung ngraos duka saged. Lajeng Bu Septi menika ngendika kaliyan anak buahipun supados Dewi dipundados cilaka. Nalika Dewi lan Yakob ngepit menika wonten mobil kengkenan Bu Septi ingkang dipun nabrak kalih-kalihipun. Inggih ingkang laraniipun parah inggih menika Dewi, ngantos semaput. Lajeng Yakob namung saged nangis mbengok amargi Dewi menika mboten sadar lajeng badhe dipun lebetaken Rumah Sakit. Langsung kemawon Yakob mlayu griyanipun Bu Anggra inggih menika ibunipun Dewi.

Mangertos kahanan menika, Pak Panji langsung duka kaliyan Bu Septi amargi mangertos menapa ingkang leresipun. Inggih rumiyin Panji ingkang saged misuwur namung amargi bapakipun Septi, saha Septi ingkang sakepenakipun piyambak ngatur saha ngungkit-ngungkit bandanipun. Menika ingkang Panji mboten remen ngantos mriki. Lajeng tumindakipun ingkang mboten sae langkung keblabasen menika. Panji ngendika badhe megat Septi amargi tumindakipu. Amargi ajrih marang

pangemunipun Panji, pungkasanipun Septi menika nyuwun pangapunten awit kalepatan menika kangge Dewi saha Panji.

Wonten pungkasan carios menika Dewi saged nrima kalepatanipun Bu Septi, lajeng tiga-tiganipun saged akur, guyup rukun dados satunggal kaluwarga. Septi saged nrima Pak Panji saha kuwalikipun Dewi ugi saged nrima Panji.

B. Asiling Panaliten

Bab menika kaandharaken asil saking panaliten saha pirembagan novel *Klelep ing Samodra Rasa anggitanipun Tulus Setiyadi*. Asiling panaliten menika ngandharaken babagan *konflik sosial* ingkang kawujudaken ing *tabel-tabel*. Wosipun *tebel* menika babagan wujud *konflik sosial*, pawadan ingkang murugagen *konflik sosial*, saha cara paraga mungkasi *konflik sosial*. *Konflik sosial* wonten ing novel menika saged dados daya tarik, amargi *konflik sosial* ingkang kadadosan ing novel menika boten namung kalampah kaliyan paraga utama inggih menika Dewi, Pak Panji saha Bu Septi ananging ugi paraga *pendukung* kadosta Bu Anggra, Yakob saha sapanunggalanipun.

Saderengipun ngrembag babagan wujud *konflik sosial*, pawadan ingkang murugagen *konflik sosial*, saha cara paraga mungkasi *konflik sosial*, ing novel menika wonten paraga utama saha paraga *pendukung*. Paraga-paragnipun kadosta Dewi, Pak Panji, Bu Septi saha sapanunggalanipun, ngandhap menika badhe kaandharaken paragatama saha watakipun saking novel *Klelep ing Samodra Rasa anggitanipun Tulus Setiyadi*.

Tabel 2 paragatama saha watakipun

No.	Paragatama	Watak
1.	Dewi	Lembah manah, sopan
2.	Pak Panji	Tanggung jawab, tulus, sabar
3.	Bu Septi (garwanipun Panji)	Ora pangerten, galak, gampang cubriya
4.	Bu Anggra (ibunipun Dewi)	Pasrah, nrima kahanan
5.	Auliya (larenipun Pak Panji)	Lugu lan sopan
6.	Yakob (kancanipun Dewi)	Lucu, gampang panik yen ana masalah

Andharan paragatama saha watakipun kalawau saged nemtokaken menapa kemawon konflik ingkang kadadosan ing novel menika. Wondene wujud *konflik sosial* ingkang saged kapanggihaken ing novel menika antawisipun yaiku duka, nekad, boten saged nampi kahanan saha pameksan ingkang kadamel wonten ing tabel 3, wondene pawadan

ingkang murugaken *konflik* saha cara mungkasi *konflik* wonten ing tabel 4.

Tabel 3 Wujud konflik sosial

<i>NO Data</i>	<i>Wujud Konflik</i>	<i>Paraga</i>	<i>Watak</i>	<i>Deskripsi Data</i>	<i>No Data</i>
1.	Pameksan	Dewi x Pak Panji	Meksa	"Aja golek alesan wae.. Ayo!" karo nggandheng tangane Dewi. Kepekso Dewi mung nurut karepe Panji.	1

2.	Ora terima	Pak Panji x Dewi	Ora terima	<p>"Hahh.. Mbokmenawa kowe ngerti dhewe. Menawa gathuk ya gathuk, nanging wewatekane bojoku kaya ngono, panganggepe kaya aku iki babune wae. Kudu manut, kudu nuruti, manawa ngongkon sakdeg-saknyet apamaneh menawa nduwe karep wis ora bisa diluk. Ajiku kaya-kaya ora ana anggone dadi wong lanang,"</p>	2
----	------------	---------------------	---------------	---	---

3.	Cubriya	Pak Panji x Bu Septi	Mangk el	" Ora ngerti.. Kekeselen utawa ana sing arep tumindak ora bener karo aku"	3
4.	Mboten saget nampi kahanan	Bu Anggra x Dewi		"hah,, wonge gampang sujana polatane peteng nalika aku bareng Pak Panji. Apa aku dikira arep ngroyok bojone ngono.. "	4
5.	Duka	Bu Anggra x Yakob		" Wis ora usah mulek wae ngomong terus terang menawa ana apa-apa kowe sing dak laporne polisi"	5

6.	Pameksan	Pak Panji x Dewi	Kepeks a	" Sapa sing kandha aku rumangsa seneng rabi karo Septi. Aku mung kepeksa saka kahanan. Umure Septi rolasan tahun luwih tuwa tinimbang aku"	6
7.	Mboten saget nampi kahanan	Yakob x Dewi	Mangk el	"wi,, kebacut tembungmu elinga mbiyen uripmu kaya kere. Bareng lagi pirang sasi iki kowe nduwe dhuwit olehmu deksiya marang aku,, muga- muga mbalika marang asalmu.. "	7
8.	Duka	Bu Septi x Dewi	Mangk el	" Saiki apa ora eman pintermu kuwi menawa mung	8

				kanggo minteri lan ngrusak liyan.. Pikiren maneh! "	
9.	Duka	Bu Anggra x Dewi	Getun	" Elinga ta wi.. Sawangen nasibe ibumu. Kowe kok malah arep gawe rusaking liyan. Lara.. Wi.. Kowe dhewe ya ngrasakna kaya ngapa sedhihe menawa ditinggal bapak. Aja Wi.. "	9
10.	Mboten saget nampi kahanan	Yakob x Pak Panji	Kuciwa	" Jemput jaran.. Juragan Panji. Wong gerang senengane ngapusi..,dak dongakna moncrot kowe.. "	10
11.	Padudon	Pak Panji x Dewi	Mangk el	"Dewi kowe aja percoyo karo bojoku, dheweke iki kerep	11

				goroh ... kowe ngerti ta sapa aku iki.. Septi wiwit mbiyen senengane pancen gawe omongan sing ora-ora.”	
12.	nekad	Pak Panji x Dewi	Mangk el	“Aja ngomong koyo ngono kuwi, kabeh wis dak pikir. Saiki kari upayaku piye anggonku bisa pisahan karo Septi.”	12

Tabel 4 Pawadan ingkang murugaken konflik saha cara paraga mungkasi konflik

NO Data	Wujud Konflik	Paraga	Pawadan ingkang murugaken konflik	Cara paraga mungkasi konflik	No Data
------------	------------------	--------	--	------------------------------------	------------

1.	Kuciwa	Bu Anggra x Dewi	Bapakipun Dewi ninggalken kaluwarganipun kangge tiyang sanes.	Sedaya kabetahanipun dipuntanggal jawab Dewi kanthi nyambut dhamel dados guru les	1
2.	Pameks an	Pak Panji x Bu Septi	Pak Panji dipuntilari utang ingkang kathah kaliyan tiyang sepuhipun.	Pak Panji kepeksa anggenipun bayar utang inggih menika rabi kaliyan Bu Septi.	2
3.		Dewi x Pak Panji	Dewi awit remen kaliyan Pak Panji, amargi welas asihipun.	Dewi kaliyan Pak Panji asring mlampah sesarengan tanpa sak ngertosipun Bu Septi.	3

4.		Auliya x Dewi	Auliya sedhih atine lan nangi amargi pengen ajar tembang jawa.	Dewi mucalaken tembang saha nembang wonten ngajengipun Auliya, saengga tangise pecah dados seneng.	4
5.	Mboten purun nampi kahanan.	Yakob x Dewi	Awit saking pangucapanipun Dewi ingkang sajak ngece Yakob, murugaken Yakob getun atine saha ngucap ingkang mboten sae.	Dewi mbales pangucapan menika, ananging sedayanipun saged dipunpungkasi kanthi guyonan.	5
6.	Duka	Bu Septi x Pak Panji	Bu Septi nyilakani Dewi pirantinipun	Pak Panji tepung kaliyan	6

			dipunsrempet mobil ngantos dhawah lajeng semaput.	Bu Septi lajeng duka, ngantos ngancem badhe ngajak pisah menawi samangke nyilakani Dewi malih.	
7.	Sedhih	Bu Anggra x Dewi	Dewi sedhih saha mboten kersa dhahar menapa- menapa awit mboten tetepungan kaliyan Pak Panji, lajeng Bu Anggra mboten kiyat menawi ningali Dewi sedhih.	Bu Anggra ngendikani Dewi supados medal lajeng tepung kaliyan Pak Panji malih.	7

8.	Ajrih	Pak Panji x Dewi	Dewi ajrih, lajeng ngendika menawi sakmenika nembe ngandut larenipun Pak Panji.	Pak Panji saguh badhe ngrabi saha njagi larenipun.	8
----	-------	---------------------	--	---	---

C. Pirembagan

Bab menika karembag perkawis ingkang jumbuh kaliyan ancasing panaliten menika. Perkawis-perkawis ingkang karembag inggih menika wujud *konflik sosial*, pawadan ingkang murugaken *konflik sosial* saha cara paraga kangge mungkasi *konflik sosial*. Pirembagan perkawis-perkawis kasebut kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Wujud Konflik Sosial ing Novel Klelep ing Samodra Rasa

Adhedasar pamanggih saking Nurgiyantoro wonten ing bab II ingkang sampun kaandharaken bilih *konflik sosial* inggih menika *konflik* ingkang kasebabna amargi wonten *kontak sosial* utawi perkawis-perkawis ingkang kasebabna amargi gegayutan kaliyan manungsa setunggal saha sanesipun, kadosta *perbunuhan, penindasan, peperangan* saha sanesipun.

Konflik sosial wonten ing novel *Klelep ing Samodra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi menika wonten maneka warna wujudipun

inggih menika duka, nekad, boten saged nampi kahanan saha sapanunggalanipun. Wujud-wujud *konflik sosial* kasebut kaadharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Duka

Duka inggih menika raos piyantun ingkang nuduhaken nesu, boten remen saha kuciwa amargi wonten tumindak utawi pamatur tiyang sanes ingkang boten trep kaliyan pamanggihipun. Menika ingkang kalebet wujud konflik sosial ingkang kalebet duka badhe dipunrembag wonten ngandhap.

Bu Anggra x Yakob

" Wis ora usah mulek wae ngomong terus terang menawa ana apa-apa kowe sing dak laporne polis!"

Andharan ing nginggil menika yaiku pawicantenanipun Bu Anggra marang Yakob. Bu Anggra ngraosaken kaget kaliyan Yakob amargi boten purun blaka, boten purun ngandharaken saestunipun Dewi menika kenging menapa.

Salajengipun wonten andharan ingkang dadosaken Bu Septi mangkel kaliyan Dewi, andharanipun wonten ing ngandhap menika:

Bu Septi x Dewi Mangkel

" Saiki apa ora eman pintermu kuwi menawa mung kanggo minteri lan ngrusak liyan.. Pikiren maneh!"

Saking pawicantenan ing nginggil menika saged dipunpendhet menawi Bu Septi menika mangkel amargi garwanipun sampun kepincut kaliyan wanita sanes, lajen Dewi menika ugi ngraosaken lepat amargi sampun ngrisak pagerayunipun kaluarga ingkan sampun paring padhamelan menika.

Salajengipun wonten ing ngandhap menika ugi wujud konflikipun, namung menika antawis Bu Anggra kaliyan Dewi.

Bu Anggra x Dewi Getun

" Elinga ta wi.. Sawangen nasibe ibumu. Kowe kok malah arep gawe rusaking liyan. Lara.. Wi.. Kowe dhewe ya ngrasakna kaya ngapa sedhihe menawa ditinggal bapak. Aja Wi.. "

Wonten nginggil menika ingkang ngraosaken inggih menika Bu Anggra inggih ibunipun Dewi, amargi larenipun sampun tresna kaliyan tiyang ingkang sampun gadhah garwa saha lare, lajeng ibunipun ngemutaken Dewi nalika kalawingi anggenipun dipun tilar bapakkipun.

b. Nekad

Nekad inggih menika tiyang ingkang tumindak ngukuhi panemunipun piyambak ugi mboten preduli menapa-menapa. Wonten ngandhap menika ingkang kalebet wujud konflik sosial nekad badhe dipun rembag wonten ngandhap menika.

Pak Panji x Dewi Mangkel

"Aja ngomong koyo ngono kuwi, kabeh wis dak pikir. Saiki kari upayaku piye anggonku bisa pisahan karo Septi."

Pak Panji mboten nggatosaken panemunipun Dewi, ingkang dipunpikir menika kadospundi saget pisahan saking garwanipun inggih menika Bu Septi. Saking tresnanipun marang Dewi, dados menapa kemawon utawi alangan menapa badhe dipunlampahi. Awit saking Pak Panji sejatosipun mboten tresna marang Bu Septi, saha wewatakanipun ugi mboten sae.

c. Mboten saged nampi kahanan

Tiyang ingkang raos menapa ingkang kadadosan menika mboten saged katampi wonten manah saha pamikirannipun. Menika ingkang kalebet wujud konflik sosial mboten saged nampi kahanan badhe dipun rembag wonten ngandhap menika.

Bu Anggra x Dewi

"hah,, wonge gampang sujana polatane peteng nalika aku bareng Pak Panji. Apa aku dikira arep ngroyok bojone ngono.. "

Saking pawicantenan antawis Bu Anggra kaliyan Dewi ing nginggil menika, Dewi ingkang leresipun awit tresna kaliyan Pak Panji mboten saged nampi kahananipun menawi Pak Panji sampun gadhah garwa inggih menika Bu Septi. Lajeng Dewi nyuntak sedaya

uneg-unegipun ing Bu Anggra.

Wujud konflik sosial mboten saged nampi kahanan ingkang saklajengipun inggih menika badhe dipunlampahi Yakob kaliyan Dewi, badhe dipunrembag wonten ngandhap menika.

Yakob x Dewi Mangkel

"wi,, kebacut tembungmu elinga mbiyen uripmu kaya kere. Bareng lagi pirang sasi iki kowe nduwe dhuwit olehmu deksiya marang aku,, muga-muga mbalika marang asalmu.. "

Yakob mangkel amargi Dewi mboten nampi menapa ingkang dipunucapaken, inggih menika bab tresna. Anangin Dewi malah sawalikipun ngece Yakob ngantos nyebataken ukara ingkang mboten leres.

Wujud konflik mboten saged nampi kahanan ingkang saklajengipun inggih menika antawis Yakob kaliyan Pak Panji , badhe dipunrembag wonten ing ngandhap menika.

Yakob x Pak Panji Kuciwa

" Jemput jaran.. Juragan Panji. Wong gerang senengane ngapusi..,dak dongakna moncrot kowe.. "

Wonten nginggil menika pacelathon saking Yakob, amargi sampun dipunapusi Pak Panji, ngantos nuturaken pangucapan

mboten sae. Awit saking Pak Panji badhe ngajak Dewi tindak ananging saderengipun tindak menika, Yakob dipunaturi ngendika kaliyan Bu Anggra lajeng badhe dipun paringi arta Pak Panji menawi purun ngendikan. Ananging sabibaripun Pak Panji saha Dewi mlampah, ingkang dipuncekel menika namung arta selawe ewu.

d. Pameksan

Pameksan inggih menika ngudokaken tumindak ingkang dipunlampahi tiyang sakmenika. Wujud konflik sosial saklajengipun inggih menika pameksan ingkang badhe dipunlampahi Dewi saha Pak Panji, wonten ngandhap menika pirembaganipun.

Dewi x Pak Panji Meksa

"Aja golek alesan wae.. Ayo!" karo nggandheng tangane Dewi. Kepekso Dewi mung nurut karepe Panji.

Pawicantenan wonten ing nginggil menika awit Dewi pingin kalung emas wonten toko ananging artanipun mboten cekap, lajen Pak Pnji ingkan numbasaken kalung menika, kanthi alesan-alesan Dewi menika mboten purun. Salajengipun Pak Panji meksa Dewi supados purun.

Pak Panji x Dewi Kepekso

" Sapa sing kandha aku rumangsa seneng rabi karo Septi. Aku mung kepekso saka kahanan. Umure Septi rolasan tahun luwih

tuwa tinimbang aku"

Pak Panji nyariosaken ingkang saksanenipun manahipun kadospundi kaliyan Bu Septi. Panjenengane mboten tresna kaliyan Bu Septi amargi namung dipunjodohaken saha kepeksa awit saking kahananipun.

e. Padudon

Padudon inggih menika pacelathon antawis kalih tiyang utawi langkung saking kalih ingkang sami duka amargi prakawis tartamtu ingkang salah satunggaling tiyang utawi sami-sami mboten sarujuk kaliyan panemunipun. Wonten ngandap menika badhe dipunrembag ingkang kalebet konflik padudon ingkang dipunlampahi Pak Panji saha Dewi.

Pak Panji x Dewi Mangkel

"Dewi kowe aja percoyo karo bojoku, dheweke iki kerep goroh ... kowe ngerti ta sapa aku iki.. Septi wiwit mbiyen senengane pancen gawe omongan sing ora-ora."

Pak Panji kekeh supados Dewi mboten percaya kaliyan Bu Septi amargi sampun ngapusi liyan. Ingkang sanyatane menika Pak Panji ingkang leres. Anangin Dewi sampun awit percaya kaliyan Bu Septi ingkang sampun ngendikan ingkang mboten sae bab Pak Pnji menika.

2. Pawadan Inggang Murugaken Konflik Sosial

- a. Bapakipun Dewi nilar kaluwarganipun kangge tiyang sanes.

Pawadan inggang murugaken konflik sosial inggang sapisan inggih menika bapakipun Dewi inggang nilar kaluwarganipun kangge tiyang sanes. Ing ngandhap menika andharanipun.

Nanging sawise bapake kedanan karo bocah wadon kabeh kaya diwalik kahanane. Jenenge wong wuyung nganti lali menawa wis nduwe keluwarga, bapake Dewi lali marang tanggung jawabe. Apamaneh bareng ana kabar bocah wadon kuwi meteng, gelem ora gelem bapake Dewi kudu tanggung jawab.

Saking andharan ing nginggil menika pawadan inggang murugaken kadadosan inggang dipunlampahi Dewi saha Bu Anggra menika saged dipunsebat rekasa amargi, sasampunipun dipun tilar garwanipun Bu Anggra menika asring gerah lan kesel, menapa malih nilar namung kangge tiyang sanes inggang sampun ngandut menika, kepeksa menapa-menapa kedah nyambut dhamel piyambak.

- b. Pak Panji dipuntilari utang inggang kathah kaliyan tiyang sepuhipun.

Pawadan inggang murugaken konflik sosial saklajengipun inggih menika bab Pak Panji dipuntilari utang inggang kathah kaliyan tiyang sepuhipun, wonten ngandhap menika andharaipun.

"... dheweke ora terima diculikane kaping pindho. Aku diancam dilaporake polisi. Embuh pikirane saka ngendi sawijine wektu Pak Basuki nawani aku. Perkara kuwi ora bakal diterusake lan dianggep rampung menawa aku gelem ngrabi anake sing angka siji. Gelem ora gelem, seneng ora seneng, tresna ora tresna kepeksa aku kudu nampa karepe Pak Basuki tinimbang dipenjara. Kabeh ngelingi sapa sing bakal ngopeni ibuku."

Wonten ing pacelathon ing nginggil menika pawadan ingkang murugaken konflik inggih menika awit Pak Panji kepeksa ngenthit artanipun Pak Basuki inggih menika bapakipun Bu Septi amargi kangge bayar utang ingkang dipun tilar ibunipu. Supados mboten dipunlebetaken kunjara menika Pak Panji kepeksa dados garwanipun Bu Septi.

- c. Dewi awit remen kaliyan Pak Panji, amargi welas ashipun.

Ingkang murugaken konflik saklajengipun inggih saking manahipun Dewi. Ukaranipun inggih menika wonten ing ngandhap menika.

"Kok nglirik aku terus, apa pancen aku iki ngganteng?" atine Dewi kaya sinambar petir keprungu pitakone Panji. Polatane Dewi dadi ababng ireng ora karuwan. Rasa isin semu sungkan ngebeki atine. Lambene kaya dikunci pikirane kaya ditutup, bingung olehe arep aweh wangsulan."

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunpendet dudutan bilih Dewi menika sampun wonten raos-raos tresna awit menika, awit dipunterke wangsul Pak Panji ngantos griya menika.

Pancen Dewi lagi sepisan tepung sing jenenge tresna, nalikaketemu karo juragan Panji wektu kepungkur. Rasane

pikiranane ketok-ketoken apa sing nate dikandhaake Panji. Apa bener dheweke tresna marang juragan Panji sing wis anak bojo lan uga sawalike. Dewi saben dina sajak kerep ngalamun.

Saking andharan menika saged dipun pendhet dudutanipun inggih menika awit asring dipun ajak sesarengan lan tetepungan menika, Dewi sekedhik-sekedhik dados remen kaliyan Pak Panji.

d. Auliya sedhik atine lan nangis amargi pengen ajar tembang jawa.

Ingkang murugaken konflik saklajengipun menika bab “Auliya sedhik atine lan nangis amargo pengen ajar tembang jawa” lajeng Dewi ngupaya supados mboten daddos sedhik. Wonten ngandap menika pacelathonipun.

“Hahhh..., njelehi kabeh ,, kepingin sinau tembang wae ora oleh..kebangeten..” karo polatane sajak mesakne.

Saking ukara wonten nginggil menika Dewi rumaos prihatin kaliyan Auliya menika, larenipun ingkang pinter lajeng sregep. Ananging asring dipun tilar tiyang sepuhipun nyambut dhamel saha tindak arisan. Ngrumaos prihatin lajeng Dewi nembang jawa, Auliya ngraos seneng amargi kepinginanipun sampun dipunturuti.

e. Awit saking pangucapanipun Dewi ingkang sajak ngece Yakob, murugaken Yakob getun atine saha ngucap ingkang mboten sae.

Saklajengipun pawadan ingkang murugaken konflik inggih menika *“Awit saking pangucapanipun Dewi ingkang sajak ngece*

Yakob, murugaken Yakob getun atine saha ngucap ingkang mboten sae”, lajeng wonten ngandhap menika dipun jlentrehaken.

“Yakob sing nggantheng.... kowe ngerti ora, iki ana wong akeh sing padha liwat. Luwih becik kowe dodol jamu ing dalam apa ngewangi ngisahi piring bakul bakso. Kuwi luwih pantes.”

Saking pacelathon wonten inggil menika ngandharaken menawi Dewi menika sampun dadosaken Yakob duka amargi ukara ingkang dipunandharaken Dewi menika sajak ngece kahananipun Yakob. Lajeng wonten ngandhap menika pacelathon ingkang dipunandharaken Yakob ingkang ngrumaos duka.

“Wi...kebacut tembungmu .. elinga mbiyen uripmu kaya kere. Bareng lagi pirang sasi iki kowe nduwe dhuwit olehmu deksiya marang aku..muga-muga mbalika marang asalmu...” karo Yakob ngadeg niat ninggalake Dewi.

f. Dewi sedhih saha mboten kersa dhahar menapa-menapa awit mboten tetepungan kaliyan Pak Panji.

Dewi sedhih amargi kedhah tebih kaliyan tiyang ingkang dipun tresnani. Saking andharan menika pawadan ingkang murugaken konflik wonten ing kadadayan menika inggih awit Bu Septi sampun mangertos menapa hubunganipun antawis Dewi saha Pak Panji, lajeng Dewi dipunparentah kangge mboten celak-celak malih. Mangertosi larenipun ingkan sajak gawe sumelange Bu Anggra, alon-alon panjenengane nyedhaki Dewi.

“Aku salah nresnani wong Buk?”

“Aku tresna karo wong sing wis nduwe bojo. Aku getun Buk,,”

Andharan wonten nginggil menika ingkang dados pawadan ingkang murugaken konflik antawis Bu Septi , Dewi saha Pak Panji. Amargi saking kadadeyan menika ingkang dhamel Bu Septi duka.

g. Dewi ajrih, lajeng ngendika menawi sakmenika nembe ngandut larenipun Pak Panji.

Saking ukara wonten nginggil menika pawadan ingkang murugaken konflik salajengipun. Sakderengipun kadadosan menika, kathah sanget konflik-konflik ingkang tuwuh wonten ing carios novel menika. Ananging konflik ingksng setunggsl menika ingkang saget dipunsebut puncaking konflik. Amargi saking andharan menika saget dipunmangertosi kadospundi kadadosan ingkang salajengipun.

“Pak,, nyuwun sewu kula sakmenika sampun ngandhut..”

Saking andharan menika tanggepanipun Pak Panji inggih menika raos seneng bungah sanget amargi tiyang ingkang dipun tresnani menika ngandut larenipun. Lajeng ingkang dipun raos menika namung kados pundi anggenipun bakal ngajak rabi Dewi, lajeng ugi kadospundi nilar Bu Septi utawi uwal saking Bu Septi.

“Aja ngomong kaya ngunu kuwi. Kabeh wis dakpikir. Saiki kari upayaku piye anggonku bisa pisahan karo Septi.”

Saking andharan wonten nginggil menika Pak Panji ngupaya supados saged sesarengan kaliyan Dewi, amargi saking tresnanipun. Lajeng Pak Panji ugi ngupaya supados saged pisah kaliyan Bu Septi

amargi sampun mboten kiyat kaliyan tingkah lakunipun marang Dewi
amargi sampun nmyilakani Dewi ngantos semaput.

3. Cara Paraga Mungkasi Konflik wonten ing Novel Klelep ing Samodra Rasa anggitanipun Tulus Setiyadi.

a. Purun rekasa

Wonten ngandhap menika cara paraga mungkasi konflik inggih
menika purun rekasanipun Dewi saha Bu Anggra sasampunipun dipun tilar
Bapakkipun amargi remen tiyang sanes saha nganduti.

*Dewi lan ibunipun nyambut dhamel kangge nyekapi kabetahanipun,
awit saking nyade kaliyan dados guru les. Telung sasi Dewi dadi guru les e
Auliya. Gaji sing ditampa lumayan bisa kanggo nyukupi butuh. Kanthi
tambahan, apamaneh menawa nyawang kahanane sing kerep lara-laranen.
Sawise wingi nampa gaji Dewi kepengin tetukon sing bisa kanggo
celengan yaiku anggon-anggon kang wujud gelang utawa kalung.*

Saking paragraf wonteng inggil menika saged dipunmangertosi dene
menapa ingkang dipun lampahi Dewi saha Bu Anggra awit saking
dipun tilar bapakkipun ngantos mriki menika kaluwarganipun sampun
gadha kemajuan. Nyambut dhamel direwangi nyade lan lelaran,
sakmenika sampun mapan saha nyekapi kabutuhan. Bedjone Dewi menika
lare ingkang sregep saha purun rekasa sesarengan ibunipun, dhewekke
ugi mboten isin lan mboten kathah sambat bab kabutuhan ingkang
kadangkala mboten kacukupi menika.

b. Nrima kahanan

Cara mungkasi konflik saklajengipun inggih menika nrima kahanan,

ingkang dipun lampahi paraga Dewi saha Pak Panji anggenipun nglampahi pagesangan saking awit tepang kaliyan Pak Basuki, Bu Septi ngantos sakmenika tepang kaliyan Dewi menika.

“ Wi.. bola bali aku wis kandha menawa kabeh wis dakniyati. Apa dadine aku bakal terima. Rejeki kuwi Gusti sing nggawe. Aja kwatir menawa gelem obah bakal mamah.”

Saking pacelathon wonten nginggil menika Pak Panji ngendika menapa sedaya ingkang bakal dipunlampahi menika badhe dipun tampi, amargi badhe dados kalawarga sesarengan kaliyan Dewi. Pak Panji ugi sampun nampi menapa ingkang badhe dipunpundhut Bu Septi mliginipun badha ingkang sampun dipasrahken Pak Basuki kangge Pak Panji.

Anangin prakawis menika sampun dipuntampi saha Bu Septi sampun saged ikhlas menawi badhe ndadosaken Dewi garwa ingkang kaping kalih. Panjenengane ugi sampun ngraos lepat bab sedaya ingkang sampun dipunlampahi awit sapisan dipunjodhohaken ngantos bab nglarani Dewi menika.

c. Gawe seneng liyan

Cara mungkasi ingkang salajenipun inggih menika antawis Pak Panji kaliyan Dewi. Inggih menika awit Dewi dipunajak wonten tлага, raos bingah sanget amargi dereng nate tindakan ingkang radi tebih menika. Lajeng sanesipun ingkang ndadosaken Dewi menika bingah sanget.

Kathah sanget cara ingkang dhamel Dewi supados bingah manahipun, mboten namung Pak Panji kemawon ananging ugi Yakob

ingkang dhamel Dewi bungah, inggih menika awit Dewi dipuntumbaske bakso kaliyan Yakob amargi nembe sisah manahipun ngemut-emut Pak Panji. Saking Dewi mboten asring ngguyu dados seneng malih. Sedaya cara Yakob tindakaken suoados kancanipun seneng.

d. Ngajak Pisahan

Pak Panji nyuwun pisah awit saking sapisan anggenipun Bu Septi saremenipun piyambak dhateng Pak Panji, dipuntambah malih Bu Septi menika sampun nyilakani Dewi ingkang dipuntresnani Pak Panji. Saking prakawis menika Pak Panji mboten ngraos mangu-mangu malih kangge pepisahan kaliyan Bu Septi.

Ananging mboten namung menika, Awit saking sapisan dados pasutri menika ugi namung kepeksa amargi menika kangge nglunasi utang ingkang dipuntilar ibunipun, dados Pak Panji kepeksa mundhut artanipun bapakkion Bu Septi kangge nutupi sedaya utangipun, ananging sedayanipun keconangan kaliyan bapakkipun lajeng dipun peksa nikah kaliyan larenipun inggih menika Bu Septi saha supados mboten dipunlebetaken kunjara kaliyan Bapakkipun Bu Septi. Dados nampi utawi mboten Pak Panji kedah nampi Bu Septi sanajan mboten tresna menika.

e. Meksa

Cara paraga mungkasi konflik ingkang saklajengipun inggih menika kanthi cara “meksa”, menika dipunlampahi Dewi ingkang dipunpeksa

kaliyan Pak Panji. Wonten ngandhap menika pacelathonipun.

Dewi rumangsa wedi lan ora kepenak. Kabeh sarwa salah, sabanjure mung bisa pasrah wae. “Kula namung ndherek kemawon menapa kersa panjenengan. “

“Lha.... mbokya ngono, supaya aku ora dadi gela. Wis saiki ngomonga, pelayane menawa kalung kuwi sida kok tuku..”

Saking pacelathon wonten ing nginggil menika, Dewi ingkang saestunipun pengin kalung emas ananging mboten sida amargi reginipun, sakmenika dipunpeksa Pak Panji supados purun mundhut kalong menika lajeng samangke dipunbayar Pak Panji menika. lajeng Dewi mung saget pasrah kemawon supados Pak Panji mboten kuciwa.

Andharan ingkang gayut kaliyan cara paraga mungkasi menika kathah sanget tuladhanipun ingkang wonteng nginggil menika, lajeng wonten malih sanesipun inggih menika wonten ing ngandhap menika .

“Aja golek alasan wae.. ayo!” karo ngglendheng Dewi. Kepeksa Dewi mung nurut karepe Panji.

f. Tanggel Jawab

Cara paraga mungkasi konflik ingkang saalajengipun inggih menika kanthi cara tanggel jawab. Menika dipunlampahi Pak Panji supados saged garwanipun Dewi. Awit saking Dewi menika sampun ngandut larenipun Pak Panji. Ananging, saking tresnanipun Pak Panji kaliyan Dewi, panjenengane badhe nglamar samangke sampun pisahan kaliyan Bu Septi.

Sakderengipun, Pak Panji menika sampun tresna lami sanget awit Dewi dados guru lesipun Auliya inggih menika larenipun. Raos menika

tuwuh saklampahipun asring sesarengan kaliyan Dewi. Sawalikipun Dewi ugi ngraosaken menika Ananging cemburu ugi kaliyan Pak Panji amargi mangertosi menika, lajeng ngantos nyilakani Dewi kanthi cara nabrak Dewi ngangge mobil ngantis semaput lajeng dipundhamel wonten rumah sakit.

Sedaya cara dipunlampahi Pak Panji supados saged pisah kaliyan Bu Septi. Ngginakaken cara ingkang alus ngantos nyentak menika ugi dipunlampahi Pak Panji, amargi mboten kiyat kaliyan lakunipun. Saksampunipun Bu Septi sampun sarujuk, pungkasan sedayanipun dados kulawarga ingkang harmonis.